АССАЛАМУ ГӀАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№25 (10019)
РУЗМАН
24 июнь
2022 сон
24 ЗУЛЬ-КЪАГИДА 1443 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багьа эркенаб

■ КIУДИЯБ ВАТIАНИЯБ РАГЪ БАЙБИХЬАРАЛДАСА 81 СОН

Расул ХIАМЗАТОВ:

## Буго рагъул пашманаб къо – тIоцебесеб...

**22 июналъ МачIада Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб лъималазул спортивиябгун сахлъи щула гьабиялъул лагералда тIобитIана КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб, вахIшилъиялъул аваллъун жиб кколеб къо -22 июнь ракIалде щвеялъул мурадалда кIудияб тадбир.**



РакIалде щвеялъул ва пашманлъиялъул къоялде ва, гьединго, Украиналда багьарун бугеб фашизмалда данде къеркьеялде буссараб тадбиралде гIахьаллъи гьабизе щвана районалъул бетIерасул заместитель Камил МухIамадов, ДРялъул бетIерасул патриотикияб тарбия кьеялъул рахъалъ кумекчи АхIмад ГIабдуразакъов, Госдумаялъул депутатасул кумекчи, «Беларусь-Дагъистан» гуманитарияб проекталъул нухмалъулев Керимхан ГIумаханов, ДРялъул гIолилазул мустахIикъав насихIатчи, Афгъан рагъул ветеран МухIамадрасул Сулейманов ва районалъул имамасул кумекчи ХIабибула МухIамадов.

(Ахир 3-леб гьум.)

■ ИМАМ ШАМИЛ ГЬАВУРАЛДАСА 225 СОН ТIУБАЯЛДЕ

## Нилъер район Шамилил заманалъ



**Исана 26 июналъ 225 сон тIубала Имам Шамил (къ.с.) гьавуралдаса. Жакъа гIемеразда лъала Имам Шамил Дагъистаналъул ва Чачаналъул халкъазул эркенлъиялъе гIоло гьабураб къеркьеялъул тIолабго дунялалдаго машгъурав цевехъан, Севериябгун Кавказалъулгун мугIрузул гIадамазул вождь, Дагъистаналъул ва Чачаназул ракьазда цойги кибго гьечIеб гIадаб Имамат абураб демократияб пачалихъ гIуцIарав кIудияв пачалихъияв хIаракатчи, цIаларав гIалим хIисабалда. Имам вукIана, вуго ва вукIинеги вуго бихьинчилъиялъул, эркенлъи бокьиялъул, ракIбацIцIалъиялъул, гIакъиллъиялъул рахъалъ лъикIалщиназе мисаллъун. Дагъистаналъул имамзабазул ва хасго Шамилил ишазул хIакъалъулъ ахираб заманалъ нилъеда гIемераб лъана цIияб хIакъикъат.**

Гьаниб дие бицине бокьун буго Имам Шамилгун цадахъ рукIарал ва гьевгун эркенлъиялъе гIоло рагъарал нилъер районалъул росабалъа мюридзабазул ва исламиял гIалимзабазул хIакъалъулъ.

Тарихияб гIелмуялдасан ва халкъиял биценаздасан гIезегIан лъикIго лъала нилъер росабаз ва гIадамаз имамзабазул рахъги ккун, эркенлъиялъе гIоло гьабулеб къеркьеялъулъ кIудияб бутIа лъураблъи.

Ахирал соназ нилъее цIализе щварал тIахьазда гьорль хасаб бакI ккола Шамил имамасул дурц, Гъази-Гъумекиса шайих Жамалудинил вас ГIабдурахIманица хъвараб «РакIалде щвеял» абураб тIехьалъ. Гьеб тIехь хъван буго Шамил имамгун цадахъ ГIабдурахIман Калугаялда вугеб мехалъ. Гьеб заман ккола 19-леб гIасруялъул 60-абилел сонал. Гьеб тIехь нилъехъе цIализе щвана гьал ахирал соназ. Гьаб тIадехун рехсараб гуребги цойги тIахьал хъван руго ГIабдурахIманица. Нилъеца бицина цохIого – цо «РакIалде щвей» абураб тIехьалъул.

(Ахир 2-леб гьум.)

■ ВОЕННЫЙ КОМИССАРИАТ РАЗЪЯСНЯЕТ

### О призыве граждан 2022

В соответствии с Указом Президента Российской Федерации от 31 марта 2022г. №167 «О призыве в апреле-июле 2022г. граждан Российской Федерации на военную службу и увольнении с военной службы граждан проходящих военную службу» и приказа Министра Обороны Российской Федерации от 02 октября 2007г. №400 с 01 апреля проходит призыв граждан 1995-2004 годов рождения на военную службу.

Граждане, направленные в войска будут проходить службу только на территории России, ни один призывник проходящий военную службу по призыву не будет направлен в зону проведения специальной военной операции на территории Украины.

**Военный комиссар Шамильского и Тляратинского муниципальных районов Республики Дагестан А. МАГОМЕДОВ**

■ БАРКИ

### 27 июнь-Россиялъул гIолилазул къо

ХIурматиял Шамил районалъул гIолилал! РакIракIалъ баркула нужеда Россиялъул гIолилазул къо! Нужер лъаялда, творческияб хIаракатчилъиялда, жигаралда бараб буго нилъер районалъул, республикаялъул ва ВатIаналъул жакъасебги, букIинесебги. Биччанте нужер гIолохъанлъи киданиги лъугIунгутIизе. ГIолил ригьалъул гвангъарал сонал нужер рукIаги анищазул цIураллъун ва гьел тIуралеллъун. БукIаги нужер гIолил ригь талихIаблъун, пайда цIикIкIараблъун ва нуж мурадазде щолеблъун. Гьарула нужее сахлъи, цIалулъ, хIалтIулъ бергьенлъаби, гIумруялъулъ икъбал ва талихI.

**Районалъул бетIер МухIамад ХIАСАНОВ**

■ ГIОЛИЛАЗУЛ ИШАЛ

## Лъайги, бажариги, жанги бугев...

**«Дир улка-Дир Россия» абураб лъай тIибитIизабиялъул тIолгороссиялъул проект хIалтIизе байбихьаралдаса исана тIубана 19 сон.**



Жидерго гIагараб росдаде, районалде, жалго гьарураб, гIураб шагьаралде рекIел цIай бугел гIолилаз гIахьаллъи гьабураб «Дир улка - Дир Россия» абураб проекталъул ТIолгороссиялъул конкурс тIобитIана дагьаб цебегIан Санкт-Петербургалда. Жидерго регионал церетIеялъе проекталгун ва цIиял пикрабигун къецазда кинавниги гIахьаллъана 93азарголъалдасаги цIикIкIун чи.

ПЭМФалда (Петербургский международный экономический форум) рехсана бищун лъикIал проекталгун щварал 81 гIолилазул цIар. 4 къоялъ халатбахъарал къецазда бергьаразда гьоркьов вуго нилъер ракьцояв, Гьоориса Зайнодин Расулов.

Зайнодин ккола Санкт-Петербургалъул «ВОЕНМЕХ» университеталъул ассистент. Зайнодинил церетIеязул ва конкурсазда росарал бергьенлъабазул чанго нухалъ цебеги бицун букIана нижеца.

Инженерияб ва техникаялъулаб лъай росабазул школлъималазда гьоркьоб машгъур гьабиялда хурхараб, нилъер районцоясул бергьенлъи босараб проект букIана «Дир чIухIи. Дир гьитIинаб ВатIан» номинациялда.

Приз хIисабалда Зайнодин Расуловасе сайгъат гьабуна «Управление проектами и развитие территорий» абураб лъайкьеялъул программаялда рекъон, «Сенеж» управлениялъул мастерскаялде хьвадун лъай борхиялъе сертификат. Гьеб ккола «Россия- страна возможностей» абураб президентасул платформаялъул лъайкьеялъул центр.

Районалъул бетIер МухIамад ХIасановас ва тIолго райадминистрациялъ баркулеб буго лъайги, бажариги, жанги бугев, нилъер районалъул цIар борхатго ккурав Зайнодин Расуловасе ТIолгороссиялъул къецазда тIокIлъи бихьизабуразул кьерда вукIин. Гьеб буго кIудияб, кIвахI тун гьабураб хIалтIи ва мисаллъун вуго гьев нилъер гIолилазе лъай борхизабиялъеги, цере чIарал масъалаби рагIалде рахъинариялъеги.

Гьарула Зайнодиние сахлъи, икъбал ва цIиял бергьенлъаби росизе къуват.

**П.ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ИМАМ ШАМИЛ ГЬАВУРАЛДАСА 225 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Нилъер район Шамилил заманалъ

(Байбихьи 1-себ гьум.)

ГIабдурахIман исламияв гIалимчи вукIин нилъеда лъалеб буго тIехь гIараб мацIалъ хъвараб букIиналъги. Дагъистаналда машгьурал гIарабистал М-С. СагIидовас ва А. Шихсаидовас гIараб мацIалдаса гIурус мацIалде буссинабураб гьеб тIехьалда гIемераб бицен буго нилъер районазул росабазул ва Шамил имамгун рукIарал нилъер ракьцоязул хIакъалъулъ. «РакIалде щвеял» абураб тIехьалда ГIабдурахIманица гIатIидго бицунеб буго Дагъистаналъул росабазул, гIадамазул гIумруялъул, хIалтIи-ишалъул хIакъалъулъ. Нилъер районалъул бицунаго, тIехьалда буго ТIелекь, Гьолокь, ГIасаб, Бакълъухъ ва Гьидерил росабазул хIакъалъулъ бицен. Росабазул хIакъалъулъ бугеб бицен цойги макъалаялъеги тун, нилъеца тIадчIей гьабила эркенлъиялъе гIоло гьабулеб къеркьеялъулъ гьеб тIехьалда рехсарал нилъер районалъул машгьурал бахIарзазул хIакъалъулъ бицине.

Дагъистаналъул тIоцевесев имам ГъазимухIамадил умумул Гьидалъа рукIин мухIкан гьабулеб буго ГIабдурахIманица, гьединго нугIлъи гьабулеб буго гьев кIудияв гIалим вукIиналъе ва Шамилие тIоцересел гIелмуялъул дарсал гьес лъеялъеги.

ТIехьалда бицен гьабулеб буго МачIадаса Мурадил вас МухIамадаминил хIакъалъулъ. ГIолохъанаб мехалъ МухIамадамин цIалун вуго Шамилгун цадахъ ГьаракIуниса СагIидихъ. ГIабдурахIманил тIехьалда хъвалеб буго МухIамадамин Гьидалъ, КIкIаратIа, Гьарадерихъ наиблъун вукIанин абун. Цойги тIехьалда буго гьадинаб хъвай-хъвагIай: «ГIандиса Лабазан, Гьидалъа МухIамадамин ва Балахьуниса Муса рукIана имамасул рахъарал хвалчаби» - абун. МухIамадаминие Шамилица муфтиясул цIарги кьун букIун буго.

МухIамадаминил гIемерал тIахьал МачIада цIунун руго. Гьев хвана 1876 соналъ ва МачIада хабалалъ вукъун вуго.

Гьидалъ цо заманалъ наиблъун Гьидалъа ГьитIинав вукIанин абун хъвалеб буго ГIабдурахIманица. ГьитIинав ХIотодаса вукIун вуго. ТIоцевесев имамасул гьудул ва божарав чи вукIанин гьев абун хъвалеб буго тIехьалда. ГьитIинав Буртунаялда ккараб рагъулъ чIван вуго 1858 соналъ.

ТIехьалда гIемераб бицен буго ГIурадаса машгьурав гIалим МуртазагIалил хIакъалъулъ. Киналго исламиял гIелмабазулъ щвалде щварав чи вукIанин МуртазагIали абун бицунеб буго ГIабдурахIманица. ШаригIаталъул тIадегIанав судья вукIун вуго МуртазагIали. ГIалимзабазда лъикIго лъала МуртазагIалица хъварал гIемерал гIелмиял хIалтIаби. Гьезда гьоркьоб кIвар цIикIкIараб хIалтIи кколеб буго «ал – Мургим» абулеб тIехь. Гьеб тIехьалда МуртазагIалица Имамат пачалихъ законияб букIин гIелмияб кьучIалда бицунеб буго. Шамил имамас МуртазагIалихъе хъварал кагъталги руго нилъехъ.

Жиндирго тIехьалда ГIабдурахIманица хъвалеб буго МуртазагIали имамасул гIакълучиги вукIанин абун. МуртазагIали хвана 1865 соналъ ва вукъун вуго ТIаса ГIурада хабалалъ. Гьаниб МуртазагIалил хIакъалъулъ цойги гIемераб бицине бегьила, амма лъикI букIина гьеб иш гIалимзабаз тIаде босани. Дир гьелъие къуват гIоларо.

Гьидерил гIалимзаби рукIана гьазаваталъе ритIухъал ва гьезги ккуна цояб квералъ къалам, цогидалъ хвалчен. Гьидерил росабалъ рагьарал мадрасазде цIализе лъугьине жигар бахъулеб букIун буго Дагъистаналъул халкъазул бажари бугел васаз. Гьелъие нугIлъи гьабула имам Шамилица Гьидалъе хъвараб гьаб кагътица: «Бергьарав гIалимасде, дир гьитIинав вац МуртазагIалиде салам! – Аргъваниса Шамхал лъикIав мутагIил вуго. Гьарула дуда дуца гьасие лъикIаб дарс кьеян. Гьас гьарана духье витIеян. Шамил (1268)».

Къарахъа МухIамад ТIагьирил «Лъабго имам» абураб тIехьалда буго цойги Гьидалъа гIалим МуртазагIалил хIакъалъулъ. Гьев АхIулгохIда гIолохъанго шагьидлъун вуго. Живго гьев МачIадаса кколев вуго. АхIулгохIда шагьидлъарал 60 гIанасев мюридасул цIар щун буго гьанжесел гIалимзабазухъе. ТIадехун рехсарав МуртазагIалиги, ХIотодаса МухIамадгIалиги, ХIусенги руго гьеб сияхIалда гьоркьор. АхIулгохIда рагъ букIана 1839 соналъ. Гьенир нилъер росабалъа цойги гIолохъаби шагьидлъараблъи хIакъаб буго. Гьел лъалев чияс газеталда хъвани лъикIаб букIина.

Шамил имамасул заманалъ бищунго машгьурал наибзабазул цояв ккола ТIелекьа КъебедмухIамад. Нилъеца бицен гьабулеб Гъазигъумекиса ГIабдурахIманил тIехьалда микьго бакIалда хъвалеб буго КъебедмухIамадил хIакъалъулъ. 1837 соналдаса байбихьун наиблъи гьабун буго КъебедмухIамадица. Гьев лъикIав гIалимчи ва цIакъго тIадегIанав Аллагьасукьа хIинкъун хьвадулев бусурбанчи вукIанин хъвалеб буго. ГIемерал рагъазулъ гIахьаллъун вуго КъебедмухIамад. ЦIакъго дагьал наибзабазда гьоркьоб гьесиеги кьун буго Шамилица муридасул цIар. Гьеб кколеб букIун буго Россиялда генералас бащадаб чин. Цо заманалъ КъебедмухIамадица анкьго наиблъиялъе бетIерлъи гьабун буго. Шамил имамас абун буго КъебедмухIамадица бетIерлъи гьабулел бакIазда рищватал роси кидаго букIинчIин абун. Гьелъги нилъеда бичIчIулеб буго КъебедмухIамад кинав чи вукIаравали. Шамил имамас Калугаялда вугеб мехалъ пачаясул пристав Руновскиясда абун буго, Дагъистаналда жиндаса хадув КъебедмухIамад вукIанин халкъалда гьоркьов машгьурав чи. КъебедмухIамад, хIежги борхун, нахъвуссун вачIунаго, Турциялда хун вуго.

Бицен гьабулеб тIехьалда буго ТIелекьа МуртазагIалил хIакъалъулъги. Гьев КъебедмухIамадил гIагарав чи вукIанин хъвалеб буго. Цо заманалъ наиблъунги вукIун вуго МуртазагIали.

ТIелекьа ГъазимухIамадги вукIун вуго Шамилил наиблъун. Щиб заманалъ вукIарав тIехьалда хъван гьечIо.

ТIехьалъул тIубараб гьумер кьун буго ТIелекьа цойги имамасул наиб ГIабдурахIманил хIакъалъулъ бициналъ. Чачаназул Даргъоги Веденоги ккарал рагъазулъ бахIарчиго гьев наиб вагъиялъул мухIканго хъвалеб буго. Гьеб заман ккола Шамил имамасул къеркьеялъул ахирал сонал. Ведено ккараб рагъулъ ГIабдурахIман бахIарчиго хун вуго. Гьевги Шамил имамасул ГъазимухIамад абулев васги кколел рукIун руго Шамил имамасул мурид Илисуялдаса Даниял – бекил дурцал.

Даргъоялда Шамил имамасда аскIор рукIарал гIадамазда гьоркьоб рехсолеб буго ТIелекьа МирзамухIамадил цIарги. БичIчIулеб буго гьев цIаларав чи вукIин.

Бакълъадерил рахъалда имамасул наиблъун вукIун вуго Бакълъухъа гIалимчи МухIамад. Гьев гIемер мехалъ наиблъун вукIанин хъвалеб буго ГIабдурахIманица. Шамилица гьесул къимат гьабулеб букIун буго гIадамазда гьоркьоб ращалъи ва ритIухълъи гьес цIунулеб букIиналъ.

Нилъер росабазул хабалалъ рукъун руго цо-цо Шамилил къеркьеялъулъ чIварал бахIарзал.

ЦIекIоб росдал хабалалъ буго цо зонода гьадинаб гIарабалъ гьабураб хъвай – хъвагIай: «КъвакIарав, бахIарчияв ва тирияв гIолохъанчи – Давуд, ГIабдулал вас, хвана рагъулъ, 1855 соналъ».

Сомода руго гьадинал заназда гьарурал хъвай – хъвагIаял: «Аминав, ХIажиясул вас, хвана капурзабигун вагъулаго, 1857 соналъ», «Рагъулъ капурзабигун вагъулаго хвана ГIумар, Булачил вас», «Давудил вас Химилав, хвана капурзабигун вагъулаго».

ГьентIаб буго гьадинаб хъвай – хъвагIай «НурмухIамад, КIодомухIамадил вас, хвана капурзабигун вагъулаго, 1855 соналъ».



Гьакьадерил хабалалъги руго шагьидзабазул цIарал: «ИбнухIажар, ПирмухIамадил вас, чIвана 1847 соналъ, капурзабигун рагъулъ»; «МухIамад – МухIамадханил вас, хвана исламияб диналъе гIоло, 1852 соналъ»; «Албури – ГIалил вас, нахъе къачIо, хвана капурзабигун вагъулаго, 1847 соналъ;

ГIуриб буго гьадинаб хъвай – хъвагIай: «Давуд – Къурбанил вас чIвана 1847 соналъ, капурзабазде данде вагъулаго».

Гьадинал Шамил имамасул бетIерлъиялда эркенлъиялъе гIоло шагьидлъарал нилъер ракьцоязул хабал нилъер районалъул киналго росабалъ ратила. Гьезул цIаралниги лъазе нилъеда тIадаб буго.

Нилъер заманалъул Дагъистаналда машгьурав тарих лъазабулев гIалимчи А. ШихсагIидовасул цо тIехьалда хъвалеб буго ТIидиб 1832 соналъго бараб тункIил хер гьабулеб бакI букIанин. Шамил имамасул гIарадаби гьарулел устарзабазда гьоркьоб буго Гьидалъа МуртазагIалил цIар.

Нилъер районалъул ракьаздаги ккана пачаясул аскараздаги Шамил имамасул мюридзабаздаги гьоркьор рагъал. Гьезда гьоркьоб бищунго хIалуцараб ккола ТIелекь росда аскIоб ккараб рагъ. Гьеб рагъул бицен гьабулаго ГIабдурахIманица жиндирго тIехьалда хъвалеб буго КъебедмухIамадица кIудияб жигарги, гьунарги, бахIарчилъиги бихьизабунин абун. ХIакъаб жо буго гьенир гIемерисел мюридал ТIелекьаги ва цойги нилъер районалъул росабалъа рукIараллъи. Нилъер росабалъа нус – нус гIадамал шагьидлъана гьеб рагъулъ.

Гьидерил росабиги талавур гьаризе къасд гьабуна пачаясул генералаз. Гьеб букIун буго 1837 сон. КIудияб пачаясул армиялъул кьокъа генерал Аргутинский – Долгорукиясул бетIерлъиялда Гьидалъе рачIунел рукIун руго. Бицен буго киналго жамагIатал тушманасда данде къеркьезе хIадурлъулел рукIиналъул. КIудиял чагIаз гIакълу кьун буго АваргIоралдасан кьо бухIизе. Гьедин гьабунги буго. Пачаясул аскар нахъе къан буго. Гьеб лъугьа-бахьиналъул бицен буго Гьидерил росабалъ.

ТIехьалда Гьолокь росдал бицунаго хъвалеб буго гьениб имамасул бекьулеб ракьги, хер бецулеб бакIги букIанин абун. Росу унеб букIун буго имамасул вас ГъазимухIамадица нухмалъи гьабулеб вилаяталде гьоркьобе. ШабгIан абун цIар бугев чи вукIун вуго Гьолокь росдал къадилъун. Гьев ШабгIан поэтги, махсара гIемерав чиги вукIанин хъвалеб буго тIехьалда.

Тарихалдаса нилъеда лъикIго лъала Дагъистаналъул имамзаби гIелмуги цIаларал ва гьелда гIамалги гьабулел гIадамал рукIараллъи. КигIанго захIмат букIаниги лъайги гIелмуги цебетIуна гьел соназ Дагъистаналдаго. МутагIилал цIализе гьариялде кIвар кьолеб букIараб куцалъул бицунеб буго ГIабдурахIманица. ТIехьалда гьединго бицунеб буго доб заманаялъ Дагъистаналдаго машгьурал гIалимзабазул хIакъалъулъ. Гьезда гьоркьоб нилъер районалъул росабалъа кIиго гIалимасул цIар буго. Гьел ккола тIадехун бицен гьабурал ГIурадаса МуртазагIали ва МачIадаса Мурадил вас МухIамадамин.

Гьединго тIехьалда руго гьазаваталда цере Дагъистаналда рукIарал машгьурал гIалимзабазул цIарал. Гьезда гьоркьорги руго нилъер районалъул росабалъа гIалимал: ГIурадаса ИбрагьимхIажи, МачIадаса ХIадис, ХIотодаса МухIамад, ГIурадаса ДархIа. Гьал гIалимзабигун цадахъ кинавнири 31 гIалимасул цIар буго тIехьалда. Гьез хъварал тIахьал имамзабаз ва цойги гIалимзабаз цIалулел рукIанин къеркьеялъул соназ абун хъвалеб буго. Гьел гIалимзаби ккола 18-абилеб гIасруялда ва 19-абилеб гIасруялъул байбихьуда рукIарал гIадамал. Нилъер районалъул цогидал росабалъги рукIун ратила гьединал машгьурал гIалимзаби доб заманаялъ. Гьанир тIадехун рехсарал гIалимзаби, хIакъикъаталдаги, Дагъистаналдаго машгьурал рукIиналъе нилъер гIемерал хIужжаби руго. Хасго Дагъистаналдаго лъалел гIалимзаби рукIана ГIурадаса ИбрагьимхIажи ва МачIадаса ХIадис.

ЛъикIго лъалеб хIакъикъат буго Шамил имамасул гIемерал тIахьаздасан данде гьабураб библиотека букIараблъи. Гъуниб магIардаги, Россиялда вугеб мехалъги Шамилица тIахьал цадахъ росун руго. Хадусеб гьелъул къисмат тIубанго лъалеб гьечIо гIалимзабазда. Амма цо-цо Шамилил рукIарал тIахьал ратун руго Франциялда, Германиялда ва цогидал къватIисел пачалихъаздаги. Дагъистаналдеги щун руго нахъруссун цо-цо гьел тIахьал. Шамил имамасул рукIарал цIакъго къиматал кIиго тIехь гIалимзабазда нилъер районалдаги ратана.

Бихьулеб букIахъе, кIудияб бутIа лъун буго нилъер умумуз эркенлъи, исламияб дин, ВатIан цIунун лъебергогIанасеб соналъ гьабураб къеркьеялъулъ. ТIадехун рехсарал хIужжаби руго цо тIехьалдаса росарал. Гьаниб цIар рехсечIел росдал гIадамазда битIун бичIчIизе ккола гьеб рахъ. Дица рикIкIунаро ГIабдурахIманил тIехьалда кинабго имамзабазул тарих гьоркьоб биччачIого хъван бугин абун. Гьебги хIисабалде босун, гIолохъанал гIелазе, хасго исламияб гIелму цIалулезе, чара гьечIеб иш ккола Дагъистаналъул имамзабазул тарих, нилъер умумуз гьабураб гIахьаллъи дагьаби мухIканго лъазабизе ва гьезул гIумруялда рекъараб гIамал гьабизе.

**ХIажи ШЕХМУХIАМАДОВ,**
**МачIада росу**

■ РАКIАЛДЕ ЩВЕЯЛЪУЛ ВА ПАШМАНЛЪИЯЛЪУЛ КЪОЯЛДЕ

# КIочене гьечIо хвел гьечIеб гьунар

**Инсаниятальул тарихалда жаниб жиндаса балагьал гIемераб, халкъалъ гIазабгун гIакъуба хIехьараб, гIодоре тIурал бияз тIолабго дунялго лъалъараб заман букIун батиларо къоабилеб гIасру гIадаб. Гьеб нусго соналда жаниб цоници сон букIинчIо дуняллалъул батIи-батIиял регионазда рагъал лъугIараб. Гьел рагъазда гьоркьоб жиндир вахIшилъиялъул, гIасилъиялъул, гьалаглъиялъул, гъурарал гIолохъабазул къадаралъул рахъалъ тIоцебесеб бакIалде бачIуна КIиабилеб дунялалъул рагъ. Рагъул бищунго кIудияб бакIлъи тIаде ккана нилъер ВатIаналде.**




ТIолабго улкаго сверун букIана рагъулаб лагералде. Гьелъин нилъее гьеб рагъ КIудияб ВатIанияблъун лъугьараб.

1941 соналъул 22 июналда байбихьана гIагараб улкаялъул тарихалъул цIиял пашманал тIанчал. Гьеб къоялъул рогьалилъ немцазул армиялъ гьужум гьабуна Балтикаялъул ралъдадаса ЧIегIерралъдалъе щвезегIан тIолабго нилъер ракьалде. Доб къоялдаса нахъе ана 81 сон. Гьелщинал соназ нилъер халкъалъ тIуна ва тIолебго буго бухIараб магIу, гIодилеб букIана гIагараб ракь. Нилъер улкаялда жеги сах гьарулел руго рагъуца лъурал ругънал. Амма гьезие сахлъи гьечIо. Щибаб хъизамалде, изну гьечIого нуцIидаги кIутIун, рещтIана балагьалъул рагъ. Жеги унтулел ва судулел руго рагъул ругънал.

Гьеб къоялъ нуцIа къана советиял гIадамазул талихIалде, щущахъ риххизаруна гIолилазул анищал, хьулал. Рагъалъ рахъана улбузухъа лъимал, лъималазухъа лъимерлъи.

Амма нилъ бергьана. Бергьана тушманасде бугеб ццидалги ва ВатIаналде бугеб рокьулги кутакалъ. Бергьенлъиялъул багьа щиб-27 миллион чIварав гIолохъанчи, чIунтарал анищал, билараб талихI, бесдаллъарал лъимал, къороллъарал руччаби, вацазухъ тIураб яцалъул магIу, магIирукъалде свериараб улка ва свараб гъанситIо, миллионазул нур сварал берал...

Нилъер улкаялъул кинавго чи вагъулев ва хIалтIулев вукIана гIицIго фронталъе, тушманасда тIад бергьенлъи босиялъе гIоло. Щайгурелъул, фашистазул чакмаялъ мерхьуннеб букIана нилъер чIухIи, нилъер гIагараб ракь ва гьелда тIад бугеб нилъее хирияб щинаб.

Рагъ байбихьаралдаса Дагъистаналъул шагьаразда ва росабалъ унел рукIана гIемераб халкъ бакIарарал митингал. Гьез бихьизабулеб букIана жал ВатIан цIунизе къватIире рахъине хIадур рукIин. Армиялде ине байбихьана тIубарал хъизанго цадахъ. ГIезегIан руго Дагъистаналда щугоги, микьгоги, хIатта, анцIгоги бихьинчи хъизаналдаса рагъде арал. Гьединал хъизанал руго нилъер районалдаги. ГIурада, Ругъельда, ГIасаб, ГIуриб росабалъа цо-цо хъизаназул рагъде ана лъабгоги, ункъгоги васал. Гьезул гIемерисел хутIана кьалул майданалда. 1661 гIолохъанчи чIвана нилъер районалъул гьеб балагьаб рагъда.

Нилъ бергьана. КIудияб Бергьенлъиялъул мугърулъун ккола нилъер районалъул щибаб росулъ рагъда чIваразе рарал памятникал. Гьез бицуна советияб халкъалъул багьадурлъиялъул.

КIудияб ВатIанияб рагъул батIи-батIиял фронтазда гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул 2379 чияс. Гьезул гIемерисел рагъде ана бокьун, гIарзаги кьун. Кинаб рагъулъе кканиги гьезул букIана бихьинчилъиги хIинкъи гьечIолъиги.

Рагъде арал бихьинал хисун районалъул росдал магIишатазул киналго бутIабазда хIалтIулел рукIана руччаби. Гьел рукIана гIухьбилъунги, дояркабилъунги, фермабазул заведующиялълъунги, колхозазул председателаллъунги, бригадираллъунги. Кинабго фронталъеян абураб ахIиялда гъоркь, районалъ фронтазде ритIулаан росдал магIишаталъул продуктаби гурелги, ретIел-хьитги. Хъвалаан заемал, бакIарулаан гIарац.

Тылалда хIалтIарал пачалихъалъ кIодо гьаруна батIи-батIиял шапакъатаздалъунги, орденал медалаздалъунги.

Жакъа цо-цо «тарихчагIаз» хIаракат бахъулеб буго нахъегIанаб ва къабихIаб бербалагьиялдалъун КIудияб ВатIанияб рагъде батIияб къимат кьезе, тарихалъул тIанчал гIаксалда регизе, гьанжесеб гIолохъанаб гIелалъе гьерсал рицине, гIолилал мекъи ккезаризе. Гьедин гьабулеб буго западалъул пачалихъаз ва неонацистаз. Гьеб къосараб агьлуялъе къваригIун буго, жалго гIадин нилги къосине, КIудияб Бергьенлъи нилъехъа бахъизе.

Амма нилъеда, КIудияб Бергьенлъиялъул мустахIикъал ирсилазда, кIочене гьечIо нилъер умумузул хвел гьечIеб гьунар. Гьединго, кIочене гьечIо советияб халкъалъул рагъулал нухазул тарих ва тарихалде арал бахIарзазул цIарал.

**М-р ГIУМАРАСХIАБОВ,**
**районалъул ветераназул Советалъул председатель**

■ ШИГIРИЯБ БОКIОН

## Шамил районалъул Могьохъа МухIамадрасулил вас ГIумарасхIабиде гьабураб назму




Дир гордукь кьеразе кьолин команда
Кьерда щайдай гьечIо дов ГIумарасхIаб,
Радал начальникас ургъулин указ
Кинго вихьуларо Махъадерил вас.

Щаклъун цIехолдизе къватIий яхъана
Хъорщода батана берцинаб сурат.
Сонал свераниги къоял аниги,
КIочене гьечIилан хъван батана цIар.

Данде гIолилазулъ магIна кIудияв,
КIоларо божизе мун гьечIин абун.
ГодекIан бакьулъго кьури рекъарав,
КьогIаб хабар гьечIо рекIее гIолеб.

Мун чидакьа къолев
къамартI вукIинчIин,
Къанцунищ рукIарал цIодорал берал?
Къуркьиго лъалареб ракIги букIанин,
Тохлъунищ ватарав мун тушманасе?

ТIанчIигун чучилин ячарай лъади,
Дур чарлъарав эмен лъиде чучилев?
Рукъалде руссинин кьибил, гIагарлъи,
Сабру эбелалъе кисан бахъилеб?

Махххул чаранлъаги ячарай лъади,
ЧучичIого чIезе гIолохъабазе,
Чармил гуллалъаги гIумрудул гьудул,
Гьабураб кьотIуе хисунгутIизе.

КъулгIадухъ чIеларо тIулалъул вацал,
Мун гьорлъ гьечIеб кьокъа бихьунгутIизе.
Лъадаре инаро тIулалъул яцал,
Дур лъалкI гьечIел къватIал
халлъунгутIизе.

Радал бакъанида къулгъуги цIалун,
Шапун магIил тIолев хутIарав эмен.
Къалъудасан хадуб дугIаги гьабун,
Даим инагьдарай чехьалъул эбел.

Хъирул заниялде зиярат гьабун,
Дагъаб сабру гьабе гьаглъарав эмен,
Чабхил гъуниялда тIад кверги бахъун,
Жеги шукру гьабе тIулалъул яцал.

Рахъун къватI-къватIазда
сураталги ран,
Хобал занал гьечIел чанги ругелъул.
Ралъдалъе тIерхьарал гIурулъ журарал,
ЧчугIбуз кваналелги гIемер ругелъул.

Аллагьасул къадар къабулги гьабун,
ХIалхьун гIодой йикIа ракIалъул гьудул.
Доб ахираталда Аллагьас дуда,
Данде ахIилевин дурго дандияв.

ГIумру къалъулаго, къаникье арал,
Алжаналъул бакьулъ бокьухъе тайги.
Къоял гвангъулаго, берал къанцарал,
ХIабибасда аскIор хIалхьун ратайги.

**Сидрат ГЬИМАТОВА,**
**п. Шамилхъала**

■ КIУДИЯБ ВАТIАНИЯБ РАГЪ БАЙБИХЬАРАЛДАСА 81 СОН

**Расул ХIАМЗАТОВ:**

# Буго рагъул пашманаб къо – тIоцебесеб...

(Байбихьи 1-себ гьум.)

КIудияб кIвар кьолеб буго, хасго гьаб заманалъ гIун бачIунеб гIелалъе чара гьечIо къваригIун бугеб, патриотикияб тарбия щвеялде. ДРялъул бетIер Сергей Меликовасул указалда рекъон исана киса-кирего лагералда тIоритIулел руго унго-унгоял ватIаналъул патриотал рахъиналъе квербакъулел тадбирал ва гьарулел руго гIемерал хIалтIаби.

Байрамияб линейка гIуцIун тадбир байбихьана лагералъул директор ГIалихан ГIалибеговасул кIалъаялдалъун.

ГIун бачIунеб гIелалъе ва гIолилазе гIахьалаллъун кколел гьадинал тадбиразул кIваралъул бицун кIалъазе рахъана ДРялъул хIукуматалъул вакилзабиги.

КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул адаб цIунун киналго гIахьалчагIи эхетун тIобитIана сихIкьотIиялъул минута.

ТарбиячагIаз ва лъималаз кьурди-хъаталъул лъикIал номерал рихьизаруна. Гьединго,



лагералде щварал каратистазул къокъаялъ, жидерго хъахIаб формаги ретIун, гьарурал гьунараз пана гьарун рукIана балагьарал. Районалъул имамасул кумекчи ХIабибула МухIамадовас данделъаразе гьабуна цIакъ лъикIаб вагIза-насихIат.

МухIканго ва гIуцIадго лъималаз гьарурал берцинал церерахъиназдаса бихьулеб букIана тадбиралде щвалде щун гьабун бугеб хIадурлъи.

РакIалде щвеялъул ва пашманлъиялъул къоялде руссарал митингал тIоритIана, гьединго, ХIебда М.ГьитIиновасул цIаралда бугеб паркалда ва Къваниб лагералда, райбиблиотекаялдаги гьабуна гьелде буссараб фотовыставка.

**ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА**

■ БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

# Ругъелда больницаялъул хIалтIухъабазе

Нилъ унтидал, гьелъие дару-сабабалъе Аллагьас кьурал чагIи руго тохтурзаби. Черх гIузрабаз цIураб мехалъ кире унги, лъихъе щунги, тIалаб гьабула нилъеца дару. ГIемерал батIи-батIиял больницабазда егун дару-дарман гьабуна дицаги, амма Къелеб гIадинаб больницаги, гьенир гIадинал ракIбацIцIадал, унтаразе хъулухъалъе чIарал хIалтIухъаби гIемер дандчIвачIо.

МухIамад ЗайнулгIабидовас нухмалъи гьабулеб Ругъелда участковияб больницаялда гьоркьобе уна нижер Ракьуб росуги. Унтаразе киналго шартIал ва квегIенлъаби жанир ругеб гьеб больница цIакъ санагIат рекъараб бакIалда банги бугоан. Дагьалъ цебегIан заманалъ, унтун больницаялде ккарай цо дун гурейги, дир васги нусги сах гьаруна Ругъелда больницаялъул терапевт МухIамаднур Къебедовас.

Дие ва дир хъизан-рукъалъе баркала кьезе бокьун буго тIолалго больницаялъул хIалтIухъабазе, хасго терапевт МухIамаднурие. Аллагьас баракатаб гIумру кьейги киназего.



**Ракьуб росулъа Чундалова ХIава ва гьелъул хъизан-лъимал**

■ САКЪАТАЗУЛ ТIАЛАБАЗДА

# Канлъукъазул данделъи

**15 июналда ХIебда социалияб хъулухъ гьабиялъул Централда (КЦСОН) тIобитIана районалъул канлъукъазул бакIалъулаб отделениялъул данделъи. Гьелда гьорлъе уна ЛъаратIа ва БежтIа участкаялъул канлъукъалги. Гьеб тIобитIизе районалде рачIун рукIана Республикаялъул регионалияб организациялъул канлъукъазул обществоялъул председатель НазирхIажиев Хавлатип НазирхIажиевич ва гьебго идараялъул специалист Лейла Мамедова. ХIисабкьеялъулгун рищиязул собраниялъул данделъиялда цеве вахъана гьелъул бакIалъулаб организациялъул председатель Ибрагьимов ХирамухIамад. Гьеб организациялъе лъикIаб къиматги кьолаго НазирхIажиевас абуна:**

- Республикаялда буго анкьазарго канлъукъав-инвалид гьорлъе вачунеб 16 бакIалъулаб организация. Республикаялда буго канлъукъал хIалтIулеб 160 предприятие. Аслияб куцалъ гьенир гьарулел руго бусен-къайи гIадал, пластмассалъул тIагIелал, цIуладаса гьарулел тIагIелал ва цогидалги. Пачалихъалъ кIвар кьолеб буго канлъукъазе санагIатал гIумруялъул шартIал гIуцIизе. ГьабсагIат рес буго канлъукъал профессионалияб реабилитациялде ритIизе. Гьел ккола массажистазул, компьютерияб ишалъул, цIулада расен гьабиялъул ва цогидалги курсал. Гьединго, рес буго цебехунго кьураб заявкаялда рекъон, канлъукъал хIухьбахъизе рачIине ВОСалъул хIухьбахъиялъул зонаялде. Канлъукъал инвалидазе рес буго соцстрахованиялдаса черхалъе хIажатал техникиял средстваби щвезе. Гьел ккола бидул тIадецуй борцунел аппаратал, чIахIиязул ва кухнялъул цIадираби, бидулъ чакар борцунеб аппарат, цIа-кан борцунеб, хъвай-хъвагIай чIахIа гьабун бихьулел аппаратал. Гьел ахирисел гьез бакIалъулаб организациялъеги кьуна. Гьел киналго ккола кIалъалел аппаратал. Гьединго, рес буго МахIачхъалаялда бугеб Брайля тайпаялъул библиотекаялдаса пайда босизеги. Гьеб ккола килщаз квашун тIахьал цIалулеб библиотека. ТIаде рачIараз ишалъулаб кумек гьабуна хадубккунги канлъукъазулгун гьабулеб хIалтIуе, кьуна малъа-хъваял, рихьизаруна гьезие хIухьбахъиялъе ругел шартIал, гьединго, лъикIаб букIинилан бицана бергьазул тохтуралдаги дандбан, канлъукъал инвалидазул къадарги жеги цIикIкIинабизе (хIакъикъиялда). Районцоял разиго хутIана гьезул малъа-хъваяздаса.



**Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**

■ ТФОМС ИНФОРМИРУЕТ

## Медицинский полис-легко!

Медицинский полис — легко! 01.05.2022 года исполнилось 11лет со дня введения в обращение полиса ОМС единого образца. Полис обязательного медицинского страхования (ОМС) — это документ, удостоверяющий ваше право на бесплатную медицинскую помощь в медицинских организациях, работающих в системе обязательного медицинского страхования.

Имея на руках полис ОМС, вы можете получить бесплатную медицинскую помощь в объеме, предусмотренном базовой программой ОМС, на всей территории Российской Федерации. Для получения полиса ОМС необходимо лично или через своего представителя обратиться в любой пункт выдачи полисов выбранной страховой медицинской организации, осуществляющей деятельность в сфере обязательного медицинского страхования на территории Республики Дагестан , имея при себе:

• паспорт

• свидетельство обязательного пенсионного страхования — СНИЛС.

При получении полиса на ребенка:

• свидетельство о рождении

• СНИЛС (при наличии)

Пока полис ОМС будет оформляться, страховая медицинская организация выдаст вам временное свидетельство, срок действия которого не более 45 рабочих дней, считая с даты выдачи.

Ребенок в течение 30 дней после государственной регистрации рождения может обслуживаться по полису ОМС родителей.

Для восстановления полиса ОМС в случае его утери вам необходимо обратиться в страховую медицинскую организацию, которая выдала утерянный документ, с заявлением о выдаче дубликата полиса, имея при себе те же документы, что и для получения полиса.

Полис ОМС подлежит переоформлению при смене фамилии, имени, отчества, места жительства. Сделать это необходимо в течение одного месяца со дня, когда эти изменения произошли.

При обращении в медицинскую организацию за медицинской помощью каждый застрахованный обязан предъявить полис ОМС. Без полиса ОМС вы можете получить только экстренную или неотложную медицинскую помощь при остром заболевании или обострении хронических болезней, которые угрожают жизни и здоровью.

В настоящее время на территории Республики Дагестан осуществляют деятельность в сфере обязательного медицинского страхования одна страховая медицинская организация: филиал АО «Страховая компания «Макс-М» Телефоны страховых медицинских организаций, адреса пунктов выдачи полисов ими вы можете найти на официальном сайте ТФОМС Республики Дагестан: www.fomsrd.ru. Получить консультацию и при необходимости помощь специалиста по вопросам оформления полиса ОМС и оказания медицинской помощи вы можете, обратившись в контакт-центр в сфере обязательного медицинского страхования Республики Дагестан по телефону горячей линии: 8-800-2222-905, филиал АО СМО «Макс-М» 8-800-333-06-03(круглосуточно, звонок бесплатный).

***Главный специалист по ЗПЗ (эксперт) Шамильского филиала ТФОМС РД, Магомедов И.С.***

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ

Утерянный аттестат, за номером № Б332220, выданный Кадиеву Шамилю Магомедовичу 07.03.1991г.р., об окончании 9 классов в «Голотлинская СОШ» в 2006г, считать недействительным.


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ

П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Гь. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ

Д.Давудов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназа газета къватIибе бачIунеб букIана “Щияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50